दिन–रविवार दिनांक–21.09.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे जीएसटी सुधार सँ देश मे अर्थव्यवस्थाक एकटा नव युगक शुरूआत भऽ रहल अछि। श्री मोदी "देश के नाम" अपन संबोधन मे कहलनि जे काल्हि नवरात्रिक पहिल दिनक सूर्योदयक संगहि देशभरि मे अगिला पीढीक जीएसटी–सुधार लागू भऽ जायत आओर देश बचत उत्सव मनाएत। प्रधानमंत्री देशवासी सभ सँ आह्वान कएलनि जे विकसित भारतक लक्ष्य कँ प्राप्त करबाक लेल मेड इन इंडिया कँ बढ़ावा देल जाएब अति आवश्यक अछि।

---

न्यायमूर्ति पवन कुमार भीमप्पा बजंथरी आइ पटना उच्च न्यायालयक छियालीसम मुख्य न्यायाधीशक रूप मे कार्यभार सम्हारलनि अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां राजभवन मे आयोजित समारोह मे हुनका एहि पदक शपथ दिएलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, राज्य सरकारक कतेको मंत्री व गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक राजेन्द्रनगर स्थित डॉक्टर ए.पी.जे. अब्दुल कलाम साइंस सिटीक उद्घाटन कयलनि। मोईनुलहक स्टेडियमक समीप बनाएल गेल एहि साइंस सिटी मे विज्ञान आधारित पाँचटा गैलरी बनाएल गेल अछि। एकरा संगहि फोर–डी थियेटर, ऑडिटोरियम आओर छात्र व शिक्षक सभक लेल डॉरमेट्रिक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि। एहि मौका पर उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सहयोगी आओर गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

---

राजदक वरिष्ठ नेता आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादवक बिहार अधिकार यात्राक दरमियान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक दिवंगत माता कैँ अपशब्द कहल जयबाक कथित मामिला पर राजनीति गरमा गेल अछि। उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे ई बेहद शर्मनाक आ निंदनीय अछि। श्री चौधरी पटना मे पत्रकार लोकनि सँ बातचीत करैत कहलनि जे नेता प्रतिपक्षक महुआक सभा मे अपशब्द कहल गेल छल। एकर वीडियो वायरल अछि। ओ कहलनि जे पहिने राहुल गाँधीक वोटर अधिकार यात्राक दरमियान आओर आब राजदक सभाक दरमियान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर हुनक माता कैँ लऽकऽ आपत्तिजनक टिप्पणी कयल गेल अछि। श्री चौधरी कहलनि जे महागठबंधनक नेता सभ कैँ लोकतंत्रक मर्यादाक ख्याल नहि अछि आओर ओ अपन खराब संस्कारक प्रदर्शन कऽ रहल छथि।

———————————————————————————————

पूर्व मंत्री आ जनशक्ति जनता दलक प्रमुख तेज प्रताप यादव सेहो प्रधानमंत्रीक दिवंगत माता जी कैँ अपशब्द कहल जयबाक घनघोर निंदा कएलनि अछि। पटना मे पत्रकार सभ सँ बातचीत करैत श्री यादव कहलनि जे माता– माता होइत छथि आओर हुनक अपमान करए वला पर तुरंत एफआईआर दर्ज कऽ ओकरा कारावास पठा देबाक चाही। ओ कहलनि जे जँ कार्रवाई नहि होइत अछि तऽ हुनक पार्टी आंदोलन करत।

———————————————————————————————

जीएसटी सुधार सभक तहत नव दाम काल्हि सँ लागू भऽ जायत। एहि सँ आम लोक सभ कैँ कतेको उत्पाद कम दाम पर भेटऽ लागत। अमूल अपन सात सय सँ बेसी उत्पाद सभक दाम मे कटौतीक घोषणा कयलक अछि। एकर तहत दुग्ध उत्पाद सस्ता होयत। एहि उत्पाद सभक दाम मे दू रूपैया सँ तीस रूपैया धरि कटौती कएल गेल अछि। एम्हर, कान्फेड सेहो सुधा दुध उत्पाद सभक दाम मे कटौतीक ऐलान कयलक अछि। काल्हि सँ सुधा मक्खनक दाम एक सँ पाँच रूपैया, पनीरक दाम एक सँ पाँच रूपैया आओर घी कऽ दाम मे पाँच रूपैया धरि कटौतीक घोषणा कयलक अछि। आईआरसीटीसी सेहो एक लीटर रेल नीरक दाम पन्द्रह रूपैया सँ घटा कऽ चौदह रूपैया कऽ देलक अछि।

———————————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता मे कमी सँ पटना समेत राज्यक बेसी भाग सभ मे बरखा मे कमी दर्ज कएल गेल अछि। पटना आओर आस–पासक क्षेत्र सभ मे आइ भोरे सँ आसमान साफ अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दक्षिण–मध्य आओर पूर्वी भाग सभ मे किछु स्थान पर मेघगर्जन, वज्रपात आओर तेज हवाक संग–संग हल्का बरखा सेहो भऽ सकैत अछि। एकर बाद अगिला दू दिन धरि राज्यक अधिकतर स्थान सभ पर मौसम शुष्क बनल रहत।

———————————————————————————————

मोक्षक धरती गयाजी मे पितर पक्ष मेलाक आइ समापन भऽ गेल। मेलाक अंतिम दिन आइ सेहो देश विदेश सँ नमहर संख्या मे पहुंचल श्रद्धालु लोकनि अपन पूर्वज आ दिवंगत आत्मा सभक स्मृति मे पिंडदान आ तर्पण कयलनि। हमर संवाददाता बतएलनि जे आइ श्रद्धालु सभक द्वारा अक्षयवट वेदी पर सुख शैया दान आओर पिंडदान कएल गेल। पितृ अमावस्याक अवसर पर गयाजीक स्थानीय लोकनि सेहो पितर सभक मोक्ष प्राप्तिक लेल फल्गु नदी मे तर्पण कयलनि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।